Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса Пали-хIажи

www. mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 28 (6608) 9 июль 2018 с. Итни Шаввал 1439 с. Багьа 5 гъур.



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ЦIияб цIалул соналде хIадурлъи, 1400 тонна куракул, маданиял идарабазда 23 тадбир

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана лъайкьей ва АПК церетIезариялъул суалалгун данделъи

**2 июлалда Бакълъулазул районалда тIобитIана лъайкьей ва АПК цебетIезабиялъул, налогал ракIариялъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалалги гьоркьор лъун данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул вакилзабаз, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез. Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.**

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас абуна жалго жидедаго чIун хIалтIулел предпринимателазги, цогидалги физическиял ва юридическиял лицабазги взносал кьезе кколин жиндир заманалда, гIакIа бахъизе судалде материал кьезегIан чIечIого.

Араб хIалтIул анкьалъ Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалде пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъалъе 190 гIарза бачIанин ва 140 тIубанин бицана гьелъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас.

Бакълъулазул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас абуна хIажатал дараби рачIанин ва сахлъи цIуниялъул учреждениязда унтаразул хIал лъикIаб бугилан.

МелъелтIа росулъ ахиралде щвана футбол хIалеб гьитIинаб байдан баялъул хIалтIи, кватIичIого рагьизе буго гьеб спортивияб бакI. «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас гьединго бицана лъим бачарал рогIрал къачIаялъеги, басралъарал хисиялъеги хIалтIи гьабунин.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель, спорталъул суалазе кураторлъи гьабулев НурухIма МухIамадовас бица-



на машгъурав жамгIияв ва диният хIаракатчи АхIмад-хIажи ТIагьаев ракIалде щвеялъул мурадалда торгIо хIаялъул турнир Килалъ тIобитIанин ва росабалъ цогидалги спортивиял тадбирал гIуцIа-къан анин.

Жакъа къоялде 1400 тонна куракул бакIарана. Гьелда ва агропромышлениeяб комплексалда бугеб хIалалда тIадчIей гьабуна районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас. «Бакълъулазул районалъул 200 гектаралдаса курак бакIарана. Цо гектаралдаса щун буго 70 центнер куракул. Хъутабазда хIадурулеб буго хасалоялде рагIи-хер»,-ян бихьизабуна Ибрагьим Ибрагьимовас.

«Араб анкьалъ маданиял учреждениязда ва библиотекабазда тIобитIана 23 тадбир. Гумбеталде ячIана этномузыколог Мордовиялъул OYME группаялъул солистка Ежевика Спиркина. Гьелъ бакIарулеб буго Дагъистаналъул халкъазул художественнияб, маданияб ирс. Спиркина щвана районалъул туристлъиялъулал бакIазде. Гьединго нижеца хIадур гьабуна муниципалитеталъул маданиялгун тарихиял ва тIабигIиял памятниказул сияхI ва битIана Дагъистан Республикаялъул туризмалъул министерствоялде,-ян абуна культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

ЕГЭ кьеялъул щибаб школалъул хIасилазул бицана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас. Гьесул рагIабазда рекъон, 2018-2019 цIалул соналде хIадурлъи гьабулеб буго, унел руго ремонталъулал хIалтIаби.

Районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас кIалъаялда тIадчIей гьабуна терроризмалда дандечIарал тадбирал тIоритIулел рукIиналда. Районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас ва муниципалитеталъул бетIерасул гIакълучи АхIмад Сулаймановас бицана пачалихъиял закупкабазул рахъалъ сайталда хIалтIи гIуцIиялъул хIакъалъулъ. Финансазул отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас ракIалде щвезабуна буголъиялдаса ва цогидалги налогал жиндир заманалда ракIаризе кколеблъи.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас хIасилал гьаруна данделъиялъул. «Бакълъулазул районалъул гIемерисел магIишатиял бутIабазда лъикIал хIасилал руго, цоцо бутIаби церетIезариялъул рахъалъин абуни, республикаялда сияхIалда цебесеб кьерда руго. Гьедин букIаниги, киналго ахIула халкъалъул гIумруялъул даража борхизабиялъе, хIасилал жеги лъикIал щвеялъе гIоло, дагьалги жигаралда хIалтIизе.

ЕГЭ кьеялъул хIасилал лъикI ккечIел школазда къваригIун буго хадурккун тIадегIанал баллал щвеялъе гIоло ва выпускникал тIадегIанал цIалул заведениязде рорчIиялъе гIоло кьеркьезе. КIвар кьезе къваригIун буго налогал ракIариялде, налогал ккола пачалихъалъул аслу»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**Информациялъул «Гумбет» отдел**

СИЯСАТ

## «Биржевияб байдан» электронияб къагIида хIалтIизаби

### Бакълъулазул мухъалда тIобитIана районазда гьоркьосеб семинар-совещание

**2 июлалда Бакълъулазул районалда тIобитIана пачалихъиял закупкабазда тIадегIанал технологиял хIалтIизариялъул хIакъалъулъ суал борхараб семинар-совещание.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Гумбет, Болъихъ, ГIахьвахъ ва ЦIумада районазул финансовиял учреждениязул хIалтIухъаби, росабазул бутIрул, школазул, лъималазул ахазул ва цогидал гIуцIабазул вакилзаби.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас салам кьуна гьалбадерие. Данделъи бачана Дагъистан Республикаялъул предпринимательлъиялъул ва инвестициязул рахъалъ агентствоялъул вакил ГIабдулкъадир Эчиловас, Татарстан Республикаялъул пачалихъиял заказазул рахъалъ агентствоялъул вакил ХIажи Муратчаевас ва Бакълъулазул районалъул бетIерасул гIакълучи АхIмад Сулаймановас.

Гьез бицана Дагъистаналда «Биржевияб байдан» гIуцIун, кванил нигIматал, бакIал раялъул материал, машинаби, механизмал ричиялъул электронияб къагIида хIалтIизабулеб букIиналъул, гьениб жалго бетIергьанал магIишаталги гIахьаллъизе бегьиялъул, заказал кьеялъул къагIидабазул,

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Килалъ – авар мацIалъул роолаб мактаб

-2 гьум.



«Нилъер хъизан, нилъер футбол»

-3 гьум.



Бакълъулазул районалда тIобитIана «МЧС нухазда хьвадиялъул хIинкъи гьечIолъиялъе гIоло» акция

-3 гьум.



Бакълъулазул гIолилаз тIоцебесеб бакI ккуна

-3 гьум.

МАГӀАРУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Килалъ – авар мацӀалъул роолаб мактаб

### Росаби – магӀарул мацӀалъул, яхӀалъул ва хасияталъул хъулби

**- ЯхӀалъул бицунеб цохӀого хабар, хабалъ нилъ лъечӀого, лъугӀулеб гьечӀо, – гьедин хъвана магӀарулазул шагӀирас. Нилъер, аваразул миллаталъул, суалал рукӀалиде ккей бараб буго тӀоцебесеб иргаялда нилъерго яхӀалда. Гьеб буго аслияб жо, сундулго кьучӀ. Нилъеца нилъерго умумузулги, бахӀарчияб тарихалъулги, гьаб ракьалъе ва халкъалъе гӀоло рухӀал кьурал миллатцоязулги хӀурмат гьабуни, цогидаз нилъерги гьабула къимат.**

### Инсан лъадарулеб къебелъи

Араб анкьалда дунялалъул гӀемерал харбазда гъорлъ ракӀ рази гьабуна Килалъ росулъ авар мацӀалъул роолаб мактаб, къокъа, лагерь гӀуцӀун бугин абураб лъазабиялъ. ХӀакъикъаталдаги, бачӀинахъего гьитӀинабилан кканиги, нилъер миллаталъе цӀакъ кӀудияб хабар буго гьеб. Гьаздасан мисал босун, цоги росабиги жамагӀаталги хӀалтӀани, нилъер ахӀвал-хӀал гӀемерго лъикӀлъила, иншааллагь.



Росаби цӀуни ва церетӀезари ккола кутакалда кӀвар бугеб иш. Росабалъ буго магӀарул мацӀалъул свери. Гьенир куцала унго-унгоял магӀарулал. Гьел нус-нус, аза-азар сонал рарал нилъер халкъалъул хъулбуз гӀезаруна саламатал гӀадамал. Росаби риххани, нилъер миллатги биххула. «МагӀарулазул росаби» абураб проект, тадбир билълъанхъизабулеб буго «Миллат» басмаялъ, гьеб масъалаялъул бугеб бергьараб кӀварги, хӀажалъиги, жавабчилъиги бичӀчӀун.

Килалъ росдал бегавул АхӀмад Каримовас, «Миллат» басмаялъе баян кьолаго, бицана риидал росулъе рачӀарал шагьаразда ва гӀатӀиракьалда гӀурал килдерил лъималазда магӀарул мацӀ малъулеб мактаб, къокъа, лагерь гӀуцӀун бугилан.

«Риидал хӀалхьи гьабизе гьогьомараб магӀарул росулъе рачӀарал лъималазе пайда букӀине, нижеца гьезие хасал шартӀал ва низам гӀуцӀана. КъваригӀел гьечӀебщинаб жоялде руссун течӀого, хасаб тартибалда, гьез росулъ бараб щибаб къо батӀи-батӀиял дарсаздалъун ва тадбираздалъун цӀезабуна, чӀаголъизабуна. Рогьалилъ цудунго, какалги ран, рекерула лъимал. Хадур байбихьула Къуръан малъиялъул, исламалъул аслаби лъазариялъул ва авар мацӀалъул дарсал. Авалалда гӀурус мацӀалда гурони кӀалъаларел рукӀарал лъималги гьанже магӀарул мацӀалда гаргадизе лъугьана. Дида ккола, гьаб лагерь ва гьаб рии гьел лъималазда киданиги ракӀалдаса инарилан ва гьел лъадариялъе, куцаялъе, сахалщинал тӀабигӀатал гьезулъ рессинариялъе гьал дарсаз кӀудияб квербакъи гьабулеб бугилан. Цоги росабазги жамагӀатазги гьединалго лагерал гӀуцӀани, гьелъ нилъер халкъалъул мацӀ загӀиплъулеб букӀиналъул гӀузру бигьалъизабилаан», – илан баян кьуна АхӀмад Каримовас.

ХӀал-зулму гьабун, щибниги билълъанхъизабизе кӀоларо. Гьадинлъидал, нилъее, магӀарулазе, нилъго, Аллагьас рижухъе, нилъерго мацӀги, тарихги, цӀарги бугел магӀарулаллъун хутӀизе бокьани, нилъецаго тӀалаб гьабизе ккола халкъалъул къисматалъул.

### ЦӀвабзазул цӀураб зоб тӀаде къулана
### Къасиги росулъе вуссарав дида

Араб анкьалда гьал мухъазул бетӀергьанчияс цӀидасан сапар бухьана гӀураб ва гӀагараб Бакьулъ Гьарадирихъ росулъе. Нилъ гьарураб ва нилъер лъимерлъи араб бакӀалде, ватӀаналде хасаб асар букӀуна. Росдал къватӀазухъан гали лъолаго, гӀемерал ракӀалдещвеял гьулчун рачӀуна… 3 июлалда, талат къоялъ, нахъеги вахана ралъдал гьумералдаса 3600 натӀалъ эхедегӀан бугеб Бакьулъ Гьарадирихъе. Росдал свериялъухъ валагьун вукӀаго, сардилъ рачӀана гьадинал мухъал.

Росдал къватӀалги къутӀпуги…

1.Дида рихьулел руго лъимерлъиялъул къватӀал,
Дир гьуъруз цӀалеб буго цӀорораб мугӀрул гьава.
Гьанив векерахъдулев вас вуго цеве чӀолев,
Анищаз цӀураб ракӀгун вуго гьев гӀун вачӀунев...

Къаси дун цӀвабзазухъе цӀакъго гӀагарлъун вуго,
Лъимерлъуда кинигин, зодове вуссун вуго.
…ГӀисинал цӀваби руго, чӀахӀиял цӀваби руго,
ЦохӀо бакӀалда чӀараб къутӀпу гьезул хан буго.

Хисуларо гьелъ гӀамал, хисуларо гьелъ ватӀан,
ХутӀарал цӀваби гӀадин, тӀурулеб гьечӀо даим.
Доб зодил бакъулъ буго кьварараб хъаравуллъун,
Долъ квер бегьулеб буго нух къосаралщиназе.

КъутӀпуялъ рикӀкӀадасан канлъи бикьулеб буго,
Беразул чӀорал речӀчӀун, гӀанчӀго къенкӀолеб буго,
Къваридаб сардил бецӀлъи къалъизабулеб буго,
Къисмат мекъи ккаразе хвасарлъи кьолеб буго.

2.ЦӀвабзазул цӀураб зоб тӀаде къулана
Къасиги росулъе вуссарав дида.

Росу кьижун буго. Гьале дицаги
Азбаразда чирахъ свине гьабуна.
Сверухълъи тӀолабго бецӀлъухъ тӀерхьана,
ЦӀвабзазул рикӀкӀадаб канлъи хутӀана.

…Дагь-дагьккун ТӀохмугӀрул мегӀелиялда
Рещалъараб моцӀалъ рещтӀен гьабуна.
Гьелъул гвангъараб нур гохӀазда чӀвана,
ХӀикматал кьераца ТӀалъи белъана.

БоцӀул пунщи буго чолода жаниб…
Черхалда речӀчӀула тӀадагьаб гьури.
Гьогьомараб сардил сихӀтарал сасаз
Сагьвилаб, панаяб гьабула асар.

РакӀалде рачӀуна моцӀролал сардал,
Дуниял рагьулел рикӀкӀадал сонал…
Гьуърулъе бецӀцӀулеб бацӀцӀадаб гьава,
Лъимерлъул бацӀцӀалъи тӀадбуссинабе...

**ГӀизудинил ХӀамзат**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ


Аргъвани росу

# «Биржевияб байдан» электронияб къагӀида хӀалтӀизаби

**(Байбихьи-тӀоцебесеб гьум.)** биржевияб байданалде качествоялъул сертификат гьечӀого бичулеб жо биччазе гьечӀолъиялъул ва цогидабги низам-къагӀидабазул. Биржевияб байданалда электронияб къагӀидаялъ хӀалтӀулеб система, заявкаби кьеялъул тартиб экраналдасанги бихьизабуна.

яб къагӀида хӀалтӀизаби жеги гӀатӀид гьабизе, июлалъул ахиралде гьелъ тӀолабго республика гьорлъе бачине»,-ян абуна ГӀабдулкъадир Эчиловас.

«Биржевияб байдан» электронияб къагӀида хӀалтӀизаби дармил ишалъулъ лъикӀаб ва пайдаяб буго. Киназего баянаблъун, ришватчилъи



«2018 соналъул 5 февралалда Дагъистаналъул бетӀерасул ишал тӀуразарулев Владимир Васильевас ва Татарстаналъул бетӀер Рустам Минниханове экономикаялда, гӀелмуялда ва культураялда цадахъ рекъон хӀалтӀизе къотӀиялда гъулбасал гьаруна. Гьеб документалда ругел пунктал, къотӀи-къаял тӀуразарулаго, хӀалбихьи цоцахъе кьеялъе, цӀиял технологиял хӀалтӀизариялъул хайир борхизабиялъе кумек букӀине буго. «Биржевияб байдан» закупкабазул электронияб къагӀида гьел проектазул цояб ккола. Гьеб программа бергьенлъиялда хӀалтӀулеб буго Россиялъул регионазда гуребги, Дагъистаналъул чанго муниципалитеталдаги. Нижее бокьун буго гьеб пайдагьорлъ гьечӀеблъун ккола гьеб къагӀида. Нижеца гьабула гьоркьохъанлъи, заказчиказдаги, продукция бичулездаги гьоркьор къотӀи-къаял хъвалаго, чӀобого хъулухъ гьабула»,-ян бицана ХӀажи Муратчаевас.

Данделъиялда гӀахьаллъарал учреждениязул нухмалъулез, бухгалтераз, продукция бичулез гӀемер суалал кьуна гьалбадерие ва гьез жавабалги кьуна.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасул кумекчи МухӀамад Хъарагишиевас баркала кьуна гьалбадерие, районалде рачӀаралъухъ ва дармил системаялъул хӀалтӀуда хурхарал цӀиял къагӀидаби ричӀчӀизаруралъухъ.

**Къурмагъиз ХӀадисова**

ГӀОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

# 12 команда гӀахьаллъана

### АхӀмад-хӀажи ТӀагьаев ракӀалде щвеялъул турнир тӀобитӀана Килалъ

**Бакълъулазул районалъул Килалъ росулъ гьал къояз тӀобитӀана, Дагъистаналъул мугӀрузул территориалияб округалъул росабазул командабазда гьоркьоб, Бихьинчилъиялъул орден хун хадуб щварав, жамгӀияв ва динияв хӀаракатчи АхӀмад-хӀажи ТӀагьаев ракӀалде щвеялъул торгӀо хӀаялъул турнир.**

спонсор, Россиялъул ХӀаджмиссиялъул нухмалъулесул заместитель Къурбандибир ГӀумарасхӀабов ва цогидалги.

МухӀамад Зубайировас Килалъ росдал гӀолилазе баркала кьуна гьеб кӀудияб тадбир тӀобитӀаралъухъ. КӀалъазе рахъараз киназго саламалъулал рагӀаби абуна гьалбадерил цӀаралда, къецазда гӀахьаллъулезе бергьенлъаби



Щибаб соналъ тӀобитӀула гьеб турнир. Гьелъул гӀуцӀарухъабилъун ккола Килалъ росдал гӀолилал, «Гумбеталъул гӀолилал» ДРОО, бакълъулазул гӀолилазул центр.

Турнир рагьулаго кӀалъазе рахъана Гумбеталъул гӀолилазул централъул нухмалъулев «Гумбет районалъул гӀолилал» ДРООялъул председатель МухӀамад Зубайиров, Килалъ росдал бетӀер АхӀмад Каримов, гӀалим, турниралъул гьарана.

Турниралда гӀахьаллъана I2 команда. Бергьенлъи босана Хунзахъ районалъул ТӀануси росдал командаялъ. КӀиабилеб бакӀ Килалъ росдал командаялъ, лъабабилеб бакӀ Болъихъ районалъул Муни росдал командаялъ ккуна. Бергьенлъи босарал киназего дипломал, медалал, гӀарцулал сайгъатал кьуна.

**«Гумбет» РИО**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна. Игьалиса Чупалав

№ 28 9 июль 2018 с.

ХАЛКЪАЛЪУЛ ТIАЛАБАЛ ТIОРИТIУЛАГО

## Пачалихъияб кадастровияб хIисабалда лъей - «цо гордухъан»

**Дагъистан Республикаялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалде вачIун вукIана «ФКП Росреестр» ГБУялъул ДРялда бугеб филиалалъул баянал ракIарулеб отделалъул нухмалъулев УхIума Лабазанов ва гьев дандчIвана гIемерфункциялъулаб централъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовгун.**

Гьенир гьоркьор лъуна пачалихъияб кадастровияб



хIисабалда лъезе документал къабул гьари МФЦялъул филиалалъ ва кадастровияб палатаялъ цадахъ рекъон тIубазабиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал.

2017 соналъ кадастровияб палатаялъул документал къабул гьарулел ва къватIире кьолел офисал къаялда бан, 2018 соналъул 1 январалдаса документал къабул гьари ва кьей тIубазабулеб буго «Цо гордухъан» хIалтIулел гIемерфункциязулал централазда. ГIадамазе санагIалъи букIине, МФЦялъул филиалалда хIалтIулел руго гьезул суалазе жаваб кьолел консультантал, гIарзагун вачIарав иргаялда гIемер заманалъ чIезе ккеларедухъ шартIал гIуцIун руго»,-ян абуна ГIумар МухIамадовас.

ДандчIваялда гIахьаллъараз бицана пачалихъияб кадастровияб хIисабалда документал лъеялъул ва кьеялъул суалал мухIканго тIуразари букIинабиялъе гIоло хIалтIухъабазул лъай ва жавабчилъи борхизабиялъул, цадахъ рекъон хIалтIиялъул качество борхизабиялъул.

**«Гумбет» РИО**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ, МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

## Бакълъулазул гIолилаз тIоцебесеб бакI ккуна

**Чита областалъул Борзя шагьаралда тIобитIана Чита областалъул халкъазул диаспораялъул кубокалъе гIоло халкъазда гьоркьосеб футболалъул турнир. Бакълъулазул районалъул гIолилал гьорлъ ругеб Дагъистан Республикаялъул диаспораялъул командаялъ гьеииб тIоцебесеб бакI ккуна.**

«ГIахьалчагIазул рахъалъ гьеб турнир рекордалъулаблъун букIана, Забайкальялда ругел 14 миллаталъул диаспораялъул вакилзаби гIахьаллъана гьенир,-ян абуна турниралъул гIуцIарухъан, предприниматель Юлия Рахмановалъ. Турнир тIобитIана Чита областалда яшав гьабулел гIемер миллаталъул гIадамазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи мурадалда».

«Дагъистан Республикаялъул тIаса бищараб командаялда гьорлъ рукIана нилъер районалъул МелъелтIаса Мурадбег МухIамадов, Щабдухъа Анварбег Мурадов, ЧIиркъатIаса Шамил Дибиров, Игьалиса Сулайман Ибрагьимов. Гьез хъулухъ гьабулеб буго Чита областалъул Борзя шагьаралда №06705 рагъулаб часталда, -ян бицана «Гумбет район» муниципалияб районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

«Нилъер гIолохъабаз жидедаго тIадаб налъи намусалда тIубазабулеб буго, гьезда лъалеб буго жалго къелгьечIеб халкъалъул ирсилал рукIин. Спорталъулъги гьез бергьенлъаби росулел руго ва дун гьединал гIолилаздаса вохаравги разиявги вуго. Россиялъул армиялда тIадаб хъулухъ тIубаялдалъун ва спортивиял бергьенлъабаздалъун гьез гIолеб гIелалъе мисал бихьизабулеб буго. Нилъер гIолилазе хадуркунги спорталъулъ, армиялда хъулухъ тIубазабиялъулъ жеги тIадегIанал хIасилал гьарула, рохалида тIад руссаги рокъоре»,-ян абуна Бакълъулазул районалъул бетIер, эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас.



**«Гумбет» РИО**

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

## «Нилъер хъизан, нилъер футбол»

### Полициялъулаз футболалъул рахъалъ дунялалъул чемпионаталъул хIурматалда футбол хIана

**Россиялда унеб бугеб футболалъул рахъалъ дунялалъул чемпионаталъул хIурматалда, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул полициялъул хIалтIухъабаз ЛъаратIа байданалда футбол хIана.**

«Нилъер хъизан, нилъер



футбол» акциялда гьорлъги гIахьаллъун, хъизаналъул, рокьул ва цоцазе ритIухълъиялъул ТIолгороссиялъул къоялъул хIурматалда, полициялъулазул ва гьезул лъималазул командабазда гьоркьоб футбол хIана.

«Гьединал тадбираз жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабазул хъизаналъул членазул моралиябгун психологиялъул рахъалъе лъикIаб асар гьабула, гьезие физическияб рахъалъ цебетIей щола, оперативиябгун хъулухъалъулаб хIаракатчилъиялъул мунпагIат борхула»,-ян абуна Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул информациялъулгун гьоркьорлъабабазул жавабияв, полициялъул капитан МухIамад ХIусейновас.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

### Бакълъулазул районалда тIобитIана «МЧС нухазда хьвадиялъул хIинкъи гьечIолъиялъе гIоло» акция

Россиялъул МЧСалъул Дагъистан Республикаялда бугеб бетIераб управлениялъ тIобитIараб «МЧС нухазда хьвадиялъул хIинкъи гьечIолъиялъе гIоло» акциялъул рахъги ккун, Гумбеталда бугеб №45 пожарнияб часталъ гIуцIана машина бачунезулъ жидерго, пассажиразул, нухлулазул гIумру цIуниялъе гIоло жавабчилъи борхизаби мурадалда тадбирал. Шоферзабазулгун гьаруна гара-чIвариял, кьун агитациялъулал тIамчал. Гьезда бичIчIизабуна нухазда хьвадиялъул къагIидаби цIунизе ккей, машинаялда жаниб огнетушитель лъезе ва гьеб хIалтIизабизе лъазе ккей.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Къецал- ункъго номинациялда

### Килалъ тIобитIана чIорбутIалъ речIчIиялъул республикаялъулаб турнир

**Гьал къояз Бакълъулазул районалъул Килалъ росулъ тIобитIана чIорбутIалъ речIчIиялъул рахъалъ республикаялъулаб турнир.**

Турнир тIобитIана Гумбеталъул гIолилазул централъ, «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул жамгIияб гIуцIиялъ, «Шелковый путь» абулеб республикаялъул чIорбутIалъ речIчIиялъул спорталъул федерациялъ. Гьенир гIахьаллъана ДРялъул муфтияталъул дагIваталъул отделалъул МугIрузул территориалияб округалда нухмалъулев МухIамадгIариф МухIамадов, Килалъ росдал бетIер АхIмад Каримов, «Гумбет районалъул гIолилал» регионалияб жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев МухIамад Зубайиров ва цогидалги. Турниралде къабул гьарун рукIана Дагъистаналъул махщел бугел чIорбутI речIчIулелги.



Ункъго номинациялда тIоритIана къецал. Бергьенлъи босаразе кьуна дипломал, медалал, кубокал ва гIарцулал сайгъатал турнир гIуцIаразул рахъалдасан.

Тадбиралъул гIахьалчагIаз баркала кьуна, бетIералда ХIамзат Шариповгун Килалъ росдал гIолилазе, лъикIаб гьоболлъиялъухъ.

**«Гумбет» РИО**

ТIИБ

## Баркала загьир гьабулеб буго медицинаялъул хIалтIухъабазе

ЗахIматго унтарай диде сардил гIужалъ «Хехаб кумекалъул» машине ахIизе ккана. Дежурналъи гьабулев тохтур ГIабдулхIамид ГIалисултановги медсестра Курсанат МухIамадоваги тIаде щун, гьез дараби гьарун хадуйги, сахлъиялъул хIал лъикI букIинчIо, ячана районалъул больницаялде.

Инсульталде щаклъи ккун, хассаб аппараталъ хал гьабуна рекIел. Хадубги Узи аппаратaлдасан унтул хал гьабизе тохтур Роза ГIабдурахIмановалда хадув ана ГIабдулхIамид. Узиялдаги лъун, чIезабуна унти ва тIадчIун дару-сабаб гьабизе байбихьана, гIодойиччазаюна.

Егизаюна хирургиялъул отделениялда. Больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас, хирургиялъул отделениялъул тохтур ГIабдулбасир Жамалудиновас, медсестра Заира ХIарисеевалъ ва отделениялъул цогидалги хIалтIухъабаз гьабураб лъикIаб хъулухъалъ дун хехго сахлъана. Больницаялда чIезарун ругел санагIатал шартIаздасаги унтарал рази рукIин бичIчIана, дидагоги бихьана лъикI букIин.

Бокьун буго районалъул газеталдасан баркала загьир гьабизе гьаб кагъаталда цIарал рехсаразе ва гьединго больницаялъул коллективалъего.

**Хадижат ХIажимухIамадова,**
**МелъелтIа росу**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Оперативно-профилактическая операция «Мак-2018»

**На территории Гумбетовского района в четыре этапа: первый этап - с 28 мая по 06 июня, второй этап - с 26 июня по 05 июля, третий этап - с 25 августа по 03 сентября, четвертый этап - с 25 сентября по 4 октября 2018 года проводится ежегодная оперативно-профилактическая операция «Мак-2018». Данная операция направлена на пресечение незаконного оборота наркотических средств растительного происхождения.**

Сотрудники полиции обращают внимание владельцев земельных участков на необходимость своевременного уничтожения дикорастущей конопли и мака.

Целью операции является выявление и ликвидация незаконных посевов мака, конопли и других растений содержащих наркотические вещества, очагов их дикого произрастания, а также перекрытие каналов незаконной транспортировки наркотических средств растительного происхождения.

**Уважаемые гумбетовцы!**

Культивирование на земельных участках наркотикосодержащих растений или непринятие землевладельцами и землепользователями мер по их уничтожению, влечет за собой ответственность согласно действующему законодательству РФ.

Статья 231 УК РФ предусматривает ответственность за незаконное культивирование запрещенных в возделыванию сортов конопли, мака, или других растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры. Санкция - штраф в размере до трехсот тыс.руб. или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до двух лет, либо обязательными работами на срок до четырехсот восьмидесяти часов, либо ограничением свободы на срок до двух лет, либо лишением свободы на тот же срок.

Те же деяния, совершенные группой лиц по предварительному сговору или организованной группой в особо крупном размере наказываются, лишением свободы на срок до восьми лет с ограничением свободы на срок до двух лет либо без такового.

Статья 10.5. Ко АП РФ. Непринятие мер по уничтожению дикорастущих растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры.

Непринятие землевладельцем или землепользователем мер по уничтожению дикорастущих растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры, после получения официального предписания уполномоченного органа - влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от 1,5 до 2- тысяч рублей; на должностных лиц - от 3- тысяч до 4- тысяч рублей; на юридических лиц - от 30-тысяч до 40- тысяч рублей.

Статья 10.5.1. КоАП РФ за незаконное культивирование растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры, если это действие не содержит уголовно наказуемого деяния, влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от одной

тысячи пятисот до четырех тысяч рублей или административный арест на срок до 15- суток, на юридических лиц - от I00- тысяч до 300- тысяч рублей.

Владельцам приусадебных и дачных участков следует помнить, что не уничтоженный вовремя куст конопли может привлечь внимание наркозависимых граждан, «визит» которых, особенно в ночное время, закончится самым плачевным образом.

**Уважаемые гумбетовцы!**

Противостояние смертельной опасности - наше общее дело. Если у Вас есть информация о фактах незаконного обращения с наркотиками, случаях их распространения и потребления, вовлечения в это дело молодежи, наркоторговле, незаконном культивировании наркотикосодержащих растений, местах дикорастущих растений - сообщите о ней по телефону доверия ОМВД: 262-04., 89289580871 (круглосуточно).

**Шамил Мажидов,**
**врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району, майор полиции**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Причины отказа в приеме расчетов

**Уважаемые налогоплательщики!**

**На сегодняшний день наиболее часто встречающиеся ошибки, являющиеся причиной отказа в приеме расчета, выявляются в ходе форматно-логического контроля. Все ошибки условно можно разделить на три вида:**

1. Несоответствие персональных данных застрахованных лиц. Большинство ошибок в представленных расчетах связаны с несоответствием данных плательщика данным налоговых органов, несовпадением сведений с ПФР, с написанием Ф.И.О. (грамматические ошибки), наличием знаков препинания в графах расчета, где указываются Ф.И.О., СНИЛС.

2. Отклонения в суммовых показателях расчета.

Данные отклонения в основном возникают между показателями разделов 1 и 3 расчета, 3. Ошибки при сравнении показателей расчета и формы № 6-НДФЛ. Сегодня плательщики могут проверить правильность заполнения расчета самостоятельно до представления в налоговый орган. Данная возможность реализована на сайте ФНС России в разделе «Программные средства - Тестер» (последняя версия 2.115 от 29.12.2017).

Также можно воспользоваться сервисами для проверки расчетов, созданными разработчиками программного обеспечения для ведения бухгалтерии и электронного документооборота.

**А. А. Абдулаев,**
**заместитель начальника межрайонной инспекции ФНС России № 12 по РД, советник государственной гражданской службы РФ 3 класса**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

### К сведению родителей детей - инвалидов

**Центр дистанционного обучения инвалидов проводит набор учащихся 1 – 11 классов на 2018-2019 учебный год со всех районов и городов республики.**

**Условия набора -справка ребёнка об инвалидности.**

**Оборудование и обучение абсолютно бесплатное. По вопросу устройства обратиться по адресу: г. Махачкала, ул. Аскерханова, 3а, тел: 872267-41-08; 8-238-201-63-23; 8-238-201-63-24**

**График работы: понедельник – суббота с 09:00 до 18:00.**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

## Права и защита прав потребителей электроэнергии

**Электроэнергия является товаром, но товаром специфическим: ее производство и потребление происходит в один и тот же момент, электроэнергия не может складироваться.**

Несмотря на это, как уже упоминалось, электроэнергия это тоже товар, вследствие этого у её потребителей есть определенный перечень прав и права потребителей электроэнергии также подпадают под действие закона о защите прав потребителей. Следовательно, у потребителей электроэнергии есть такие же права, как и у всех потребителей, а именно:

- на качество;
- на безопасность;
- на информацию;
- на возмещение ущерба.

Право потребителей электроэнергии на качество: электроэнергия, как и любой товар, имеет характеристики качества, основные из которых это напряжение и частота, а также другие показатели: несинусоидальность напряжения, провал напряжения, перенапряжение и другое. Электроэнергия должна соответствовать установленным параметрам качества. Эти параметры регламентированы в ГОСТ 13 109-97.

В случае отклонения параметров качества электроэнергии от установленных параметров, потребитель вправе требовать приведение их в соответствие, а также требовать возмещения реального ущерба с поставщика электроэнергии, которое произошло по причине низкого качества электроэнергии. К сожалению, в России многие потребители часто и безуспешно борются с поставщиками электроэнергии на предмет приведения её качества, в соответствие с нормативными документами. Однако вопросы компенсации затрат потребителей электроэнергии и снижения тарифа на электроэнергию, если она будет низкого качества в действующем законодательстве не определены, поэтому необходимо особое внимание уделять указанным вопросам еще на этапе заключения договора энергоснабжения с поставщиком электроэнергии.

Также к правам потребителей электроэнергии, относящимся к качеству, можно причислить право на бесперебойность энергоснабжения. Бесперебойность энергоснабжения зависит от многих факторов, таких как категория надежности или ввод графиков аварийных ограничений. Но в любом случае этот вопрос также должен быть четко урегулирован в договоре энергоснабжения.

Право потребителей электроэнергии на безопасность: любой потребитель электроэнергии имеет право требовать безопасность в процессе его энергоснабжения, а также безопасность для жизни и здоровья, имущества и окружающей среды. Электроэнергия – источник повышенной опасности, поэтому сетевая компания обязана обеспечить безопасность энергоснабжения. Право потребителей электроэнергии на информацию: в соответствие со «Стандартами раскрытия информации субъектами оптового и розничного рынка электроэнергии», утвержденных Постановлением Правительства РФ № 24 от 21.01.2004 сетевые генерирующие компании, гарантирующие поставщики обязаны раскрывать информацию о своей деятельности: информацию о технологическом присоединении, основных условиях договоров, ценах на электроэнергию и многое другое.

Право потребителей электроэнергии на возмещение ущерба: при возникновении ущерба, вызванного нарушением условий договора поставщиком (который может быть вызван низким качеством электроэнергии, перебоями в электроснабжения, завышением цены и многое другое), потребитель имеет право требовать возмещения, причиненного ему ущерба и морального вреда в досудебном или судебном порядке.

Защита прав потребителей электроэнергии.

При нарушении вышеперечисленных прав, защита прав потребителей электроэнергии может быть организована следующим образом:

- обращение в органы по защите прав потребителей;
- обращение в органы прокуратуры;
- обращение в федеральную антимонопольную службу, если нарушение выразилось в злоупотреблении поставщика электроэнергии своим доминирующим положением на рынке;
- подача исковых заявлений в суды различных инстанций;

Защита прав потребителей электроэнергии является очень важным делом, поэтому, при возникновении нарушений, вы можете обратиться в Управление Роспотребнадзора по РД.

**М. Р. Таймасханов,**
**начальник ТО управления Роспотребнадзора по РД в Ботлихском районе**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.